



## DOKIMAN ENSPEKSYON OPERASYONÈL POU SANT PWOTEKSYON ALIMANTÈ RIDOH

### IJYÈN PÈSONÈL

- Anplwaye yo byen mare cheve yo.
- Anplwaye yo lave men yo kòmsadwa, souvan ak nan moman ki apwopriye.
- Anplwaye yo panse boule, blesi, maleng oswa kwout, oswa atèl nan men yo avèk pansman ki rezistan ak dlo epi yo kouvri yo nèt avèk gan lè yo ap manyen manje yo.
- Moun yo gen otorizasyon pou yo manje, bwè, moulen chiklèt, fimen oswa sèvi ak tabak sèlman nan zòn ki deziyen yo pou sa lwen zòn preparasyon, sèvis, estokaj ak lavaj vesò yo.
- Anplwaye yo itilize klinèks yo ka jete lè y ap tousit oswa estènen, epi yo lave men yo tousuit apresa.
- Anplwaye yo sanble an sante.
- Lavabo yo pa bouche, yo fonksyone epi yo pwòp.
- Lavabo yo gen savon, sèvyèt moun ka jete, dlo cho ak bwat fatra.
- Twalèt anplwaye yo fonksyone epi yo pwòp.

### PREPARASYON MANJE

- Tout manje yo estoke oswa prepare nan etablisman an soti nan sous ki apwouye.
- Yo lave, rense, epi dezenfekte ekipman, vesò ak sifas ki an kontak ak manje yo kòmsadwa anvan chak lè moun yo itilize yo oswa selon enstriksyon yo.
- Manje ki jele yo dejèle anba refrijerasyon, anba dlo frèt ki sot nan tiyo, nan kad pwosesis pou kuit manje yo oswa nan yon fou mikwowonn si yo kuit tousuit apre yo fin dejèle.

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

- Preparasyon an planifye yon fason pou engredyan yo pa rive nan yon tanperati ki prezante yon danje nan mezi sa posib.
  - Anplwaye yo goute manje yo selon pwosedi ki apwopriye a.
  - Genyen pwosedi ki an plas pou evite kontaminasyon kwaze a.
  - Anplwaye yo manyen manje ki tou pare pou sèvi yo avèk batrin kizin ki apwopriye, tankou gan yo ka jete oswa pens.
  - Manje yo prepare ti kras pa ti kras pou yo pa pase twòp tan nan tanperati ki prezante yon danje.
  - Anplwaye yo itilize sèvyèt pwòp yo ka reyitilize sèlman pou dezenfekte ekipman yo ak sisas yo men se pa pou seche men yo, batri kizin yo oswa atè a.
  - Anplwaye yo siveye tanperati entèn manje k ap kuit yo avèk yon tèmomèt manje ki kalibre yon fason pou manje a ka kuit nan tanperati entèn ki nesesè a epi ki san danje pandan yon peryòd tan ki apwopriye.

## Wi Non Mezi Korektif

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## EKIPMAN POU KENBE MANJE YO CHO

- Aparèy pou kenbe manje yo cho pwòp.
  - Anplwaye yo chofe manje yo nan tanperati entèn ki nesesè a epi ki san danje anvan yo mete yo sou ekipman pou kenbe yo cho. Aparèy pou kenbe manje yo cho pa sèvi pou rechofe okenn manje ki ka prezante yon danje.
  - Aparèy pou kenbe manje yo cho gentan chofe alavans anvan anplwaye yo mete manje ladan yo.
  - Tanperati manje cho ki nan aparèy sa yo nan 135 degré farenhay oswa plis.
  - Manje a pwoteje kont kontaminasyon.

### Wi Non Mezi Korektif

□ □

\_\_\_\_\_

□ □

## **EKIPMAN POU KENBE MANJE YO FRÈT**

- Yo kenbe frijidè yo pwòp epi òganize.
  - Manje a pwoteje kont kontaminasyon.
  - Yo siveye ak dokimante tanperati lè anbyan nan tout frijidè ak frizè yo nan kòmansman ak nan fen chak peryòd travay.
  - Tèmomèt yo disponib epi yo egzak.
  - Yo estoke manje yo nan yon distans 6 pouς ak atè a.
  - Anplwaye yo itilize pwosedi ki apwopriye pou rafredi manje yo. Yo siveye rafredisman an pou asire tanperati manje yo ka desann soti nan 135 degré farennay rive 70 degré farennay nan 2 èdtan, epi pou 1 rive nan 41 degré farennay nan peryòd tan yo bay la.
  - Yo vlope tout manje yo, mete etikèt ak dat sou yo kòmsadwa.
  - Anplwaye yo itilize métòd FIFO (Premye ki Aantre a se Premye ki Soti a) pou jere estòk yo.

**ESTOKAJ MANJE YO AK ESTOKAJ KOTE KI SÈK**

- Tanperati zòn estokaj ki sèk la ant 50 degré farenne ak 70 degré farenne.
  - Yo estoke tout manje ak founiti papye yo nan yon distans 6 a 8 pouz ak atè a.
  - Yo konsève sak manje ki ouvè yo nan bwat ki gen kouvèti ki byen fèmen sou yo epi yo mete etikèt ki gen yon non komen.
  - Anplwaye yo itilize métòd FIFO (Premye ki Antre a se Premye ki Soti a) pou jere estòk yo.
  - Pa gen okenn bwat konsèv ki gonfle oswa ki gen likid k ap koule.
  - Manje a pwoteje kont kontaminasyon.

- Tout sifas ki gen manje yo pwòp.   \_\_\_\_\_
- Yo mete etikèt ki klè sou pwodui chimik yo epi yo estoke yo lwen manje yo ak pwovizyon yo.   \_\_\_\_\_
- Yo konsève manje a nan bwat orijinal yo oswa nan yon bwat yo itilize pou manje.   \_\_\_\_\_
- Machandiz ki andomaje yo separe.   \_\_\_\_\_

### **NETWAYAJ AK DEZENFEKSYON**

- Lavabo ki gen twa kivèt la byen prepare pou lave vesò yo.   \_\_\_\_\_
- Machin pou lave vesò yo fonksyone kòmsadwa (tankou endikatè ak pwodui chimik yo nan nivo yo rekòmande yo).   \_\_\_\_\_
- Dlo a pwòp epi li pa gen ni grès ni ti moso manje.   \_\_\_\_\_
- Tanperati dlo a bon pou lave ak rense vesò yo.   \_\_\_\_\_
- Si yo itilize yon dezenfektan chimik, anplwaye yo melanje yo kòmsadwa epi yo itilize yon bann dezenfeksyon pou yo teste konsantrasyon chimik la.   \_\_\_\_\_
- Ti vesò ak batri kizin yo seche nan lè a.   \_\_\_\_\_
- Yo konsève ti sèvyèt pou siye yo nan yon solisyon dezenfeksyon pandan anplwaye yo ap itilize yo.   \_\_\_\_\_

### **BATRI KIZIN AK EKIPMAN**

- Yo netwaye ak dezenfekte tout ti ekipman ak batri kizin, tankou planch pou koupe manje yo ak kouto yo chak lè yo fin itilize yo epi lè sa nesesè.   \_\_\_\_\_
- Yo lave, dezenfekte ti ekipman ak batri kizini yo epi yo seche yo nan lè.   \_\_\_\_\_

**Wi    Non    Mezi Korektif**

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Wi    Non    Mezi Korektif**

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Wi    Non    Mezi Korektif**

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

- Yo netwaye ak dezenfekte sifas travay yo chak lè yo fin itilize yo.
- Yo netwaye ak dezenfekte tèmomèt yo chak lè yo fin itilize yo.
- Yo kalibre tèmomèt yo regilyèman.
- Kle mamit la pwòp.
- Tiwa ak etajè yo pwòp.
- Anplwaye yo manyen batri kizin ki pwòp yo yon fason pou evite kontamine zòn ki pral an kontak dirèk ak manje yo oswa ak bouch moun yo.

## GWO EKIPMAN

- Machin pou koupe manje yo pwòp. Yo demonte li, netwaye li epi dezenfekte li anvan yo itilize li, ant manje ki kri ak manje ki pare pou moun manje yo, omwen chak 4 èdtan, epi lè sa nesesè.
- Anplwaye yo retire katon, bwat, ak bagay ki kapab resikle yo nan lokal la.
- Zòn chajman machandiz yo ak zòn ki ozalantou poubèl fatra deyò a pwòp epi yo pa gen sant.
- Aparèy pou aspire lè a, vantilitè yo ak filtè yo pwòp.

## ESTOKAJ AK ELIMINASYON FATRA

- Bwat fatra ki nan kizin yo pwòp epi yo kouvri si moun pa itilize yo san rete.
- Anplwaye yo vide poubèl yo lè sa nesesè.
- Anplwaye yo retire katon ak bwat yo nan lokal la.

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

- Zòn chajman machandiz yo ak zòn ki ozalantou poubèl fatra deyò a pwòp.
- Poubèl fatra deyò yo pwòp, yo kouvri epi yo chita sou yon sifas ki pa absòbe likid yo epi ki gen yon pant pou likid yo ka koule.

### KONTWÒL TI BÈT NUIZIB YO

- Pòt ki bay sou deyò yo gen moustikè, yo byen fèmen, epi yo gen yon sistèm ki pèmèt yo fèmen poukонт yo.
- Fenèt yo fèmen ak vit oswa ak moustikè.
- Pa gen anyen ki montre genyen ti bèt ki nuizib nan lokal la.

NON \_\_\_\_\_

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

Wi	Non	Mezi Korektif
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	_____

Dat \_\_\_\_\_